

RINGKESAN

PANGARUH GUNA MODÉL PEMBELAJARAN INQUIRY KANA HASIL DIAJAR SISWA DI SD

Ku

PUTRI HASNA SALBILLAH KURNIA

185060046

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho pangaruh ngagunakeun modél pangajaran *inkuiri* kana hasil diajar siswa kelas IV SDN 033 Asmi Bandung. Panalungtikan ieu ngagunakeun tipe kuasi ékspérimén *non-equivalent control group design*. Populasi anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas IV SDN 033 Asmi lobana 145 siswa. Sampel dina ieu panalungtikan diwangun ku dua kelompok, nya éta kelas IV D lobana 28 siswa kelas ékspérimén jeung kelas IV E lobana 28 siswa kelas kontrol. Perlakuan anu dilarapkeun ka kelompok ékspérimén nya éta modél pangajaran *inkuiri*.

Hasil tina ieu panalungtikan nunjukkeun yén modél pangajaran *inkuiri* mangaruhan kana hasil diajar siswa kelas IV SD. Ditilik tina hasil uji *effect size* 0,74 kalayan interprétasi dina katégori gedé, bisa dicindekkeun yén aya pangaruh gedé kana hasil diajar siswa. Bédana téh bisa katitén tina hasil uji *paired sample t test* anu miboga nilai $t = 13,066 > 2,005$ sarta miboga nilai Sig. tina 0,001 (Sig. $<0,05$) anu hartina bisa dicindekkeun aya bédha anu signifikan antara peunteun hasil diajar siswa jeung uji *independent sample t test* tina 0,003 (Sig. $<0,05$), hartina bisa dicindekkeun yén aya bédha anu signifikan dina peunteun hasil akhir diajar siswa kelas ékspérimén jeung kelas kontrol.

Kecap Konci: Modél Pangajaran Inquiry, Hasil Diajar, Siswa.